



Homeownership Assistance Program

MIAMI-DADE ECONOMIC ADVOCACY TRUST (MDEAT) PWOGGRAM ASISTANS POU ACHTE KAY (HAP)

Limit Revni Maksimòm * ak Maksimòm Finans Admisib

KANTITE MOUN NANFANMI AN	<=50% TRÈ BA	50.01% - 80% BA	80.01% - 100% MWAYÈN	100.01% - 120% MODERE	120.01% - 140% MODERE / MWAYÈN
1	26,450	42,300	52,900	63,480	74,060
2	30,200	48,350	60,400	72,480	84,560
3	34,000	54,400	68,000	81,600	95,200
4	37,750	60,400	75,500	90,600	105,700
5	40,800	65,250	81,600	97,920	114,240
6	43,800	70,100	87,600	105,120	122,640
7	46,850	74,900	93,700	112,440	131,180
8	49,850	79,750	99,700	119,640	139,580

*Limit Revni yo retroaktif apati 14^e Avril 2017 epi yo sijè a chanje detanzantan ak revizyon U.S. HUD yo (HUD & FHFC dat revizyon 4/14/17 ak 4/17/17 respektivman).

** Pou acha **FHA** yo, tanpri konsilte direktiv aktyèl yo an pou enfòmasyon sou limit revni aplikab yo.

- Pri Dacha Maksimòm lan pa ka depase limit FHA etabli aktyèlman pou Konte Miami-Dade (\$271,050).
- Maksimòm CLTV (Prè-a-Valè Konbine) a se 105%. Pa gen limit LTV.

Asistans Admisib – (modifie apati 1 fevriye 2014)

Pou Fwaye ki nan oswa ki anba 80% revni medyàn ajiste anvan taks pou Konte Miami-Dade (gade tablo anwo an) – Asistans maksimòm lan se swa 10.00% pri dacha pwopriyete a oswa \$7,250.00 selon sa ki pi piti a.

Pou fwaye ki depase 80% revni medyàn ajiste anvan taks pou Konte Miami-Dade (gade tablo pi wo an) – Asistans maksimòm lan se swa 4.00% pri dacha pwopriyete a oswa \$4,750.00.

Asistans HAP bay la baze sou disponibilite fon yo pou moun ki nan nesesite avèk limitasyon ki kapab chanje. HAP fè chèk yo sou non ajan an lè dokiman final kontra ipotèk la ap siyen. Fon HAP yo paka itilize pou peye dèt jijman, kont koleksyon oswa nenpòt lòt dèt. Ajan k'ap siyen kontra a dwe retounen nenpòt lajan anplis (ki pat itilize nan dènye kalkil yo) bay MDEAT (* ki te rele MMAF). **MOUN K'AP MANDE PRETE LAJAN YO PA GENDWA RESEVWA LAJAN KE OKENN AJAN TOUNEN BA YO LÈ KONTRA A AP SIYEN NAN OKENN SIKONSTANS.**

Kondisyon Pou Moun K'ap Mande Prete Lajan yo

Moun k'ap achete an(yo) ke revni fwaye li pa depase 100% Revni Medyàn Miami-Dade, ajiste pou kantite moun ki nan fanmi an (AGI) dwe envesti yon minimòm 1% pri dacha a nan pwòp lajan li nan tranzaksyon sa-a. Moun kap achete an (yo) ke revni fwaye yo de 100.01%, men ki pa depase 140% (ajiste pou kantite moun nan fanmi an) dwe envesti yon minimòm 3% pri dacha a sot nan pwòp lajan pa li nan tranzaksyon sa-a. Moun k'ap achete yo ki gen revni yo ajiste anvan taks ki depase 140%, yo pa elijib pou finansman HAP.

Elijibilite Pwopriyete ak Finansman

Pwopriyete elijib yo enkli SÈLMAN kay detache yo, kay kole yo (town house) oswa kondominyòm yo. Pwopriyete yo gen dwa se kay nèf oswa kay ki la deja epi yo fêt pou sitiye andedan **Konte Miami-Dade**. Okenn prè ipotèk FHA 203(k) pap elijib nan pwogram sa-a koulyeya. Pwogram lan asepte achete kay ke labank, kòporasyon REO ak FHA te sezi ak posede toudepan de sitiyasyon an. Pwopriyete a fêt pou nan kondisyon abitab imedyatman. Moun k'ap prete a fêt pou aplike pou ak resevwa yon prè ipotèk konvansyonèl, VA owsa FHA 203 (b)/234 a yon to denterè fiks nan men yon ajan prè ipotèk ke HAP apwouwe. Pwogram lan pap otorize prè ipotèk ke moun kap vann kay la kenbe ni prè ipotèk ke ansyen mèt kay la genyen sou kay la ke moun k'ap achte-a ap tou kenbe (*loan assumptions*).



